

REGIPIOEN LENGGANAN

SWARA - TAMA :

1 taoen . . . . . f 6.—
1/2 " . . . . . f 3.—
3 woelan . . . . . f 1.50
Kénging mbajar saben woelan

RAGAD ADVERTENTIE :

1 katja . . . . . f 36.—
1/2 " . . . . . f 18.65.
1/4 " . . . . . 9.75.
1/8 " . . . . . f 5.25.
Saladjengipoen : saben 1 cm<sup>2</sup> . . . f 0.03;
sekedik - kedikipoen : f 1.50.

Kabar premil alit - alitan : f 1.—
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-
san, oetawi dados lengganan, tepang rembag
roemijin kalijan administratie.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

Hoofredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsipoen Redactie lan Administratie
IGNATIUS-COLLEGE
DJOKJAKARTA
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius„ Djokja.

VERSLAG KONGGRÈS
POESARA KATOLIKA WANDAWA.

Ing Soerakarta kala 14/15 lan 15 Maart 1931.

Pakempalan kita sociaal Poesara
Katolika Wandawa kala Setoe m-
lem Ngahad (14/15 Maart) lan Ngah-
had sijang 15 Maart 1931 saèstoe
ngwontenaken konggrès manggèn
ing papan dolanan ing sakolahan
R. K. Europeesche school Soera-
karta. Papanipoen kobèt pinadjang-
padjang sarwa pasadja amantesi.
Para tamoe toewin oetoesan-
oetoesan binagèkaken ing Kom-
ité Tamoe, ingkang kadjawi sanès-
sanèsipoen memoedji amrih wida-
daning konggrès. Semanten oegi
pinambraha mawi sasanti kidoe-
ngan vierstemmig binaroeng oenge-
ling orgel andoedoet-doedoet manah.
Sadaja ingkang sami lenggah sami
rena ing galih, katawis ing semoe
taksih kagol kepéngin mirengaken
malih.

PAREPATAN 14 MAART SONTEN.

Inggang rawoeh.

Kadjawi pandjenenganipoen Rama
Paranpara H. Koch, Rama Djaja-
sepoetra, Broeder kakalih, toewin
tamoe-tamoe sanèsipoen, parepatan
kadatangan oetoesaning K. W. ing
Semarang, Ambarawa, Keboemèn,
Ngajogjakarta, Ngidjon, Gandjoer-
an, Bara, Medari, Klatèn, Soera-
karta, Moentilan, Salatiga, Kalasan,
toewin Blitar, oetoesan H. B. P. P.
K. D., v. L. S., Morgenster, Moeda
Katoelik, lss.

Openingsrede Pangarsa.

Minangka boeboekaning parepa-
tan, pangarsaning P. K. W., R. Soe-
madisastra, sosorah ingkang manawi
koela serat sadaja manoe tjetetan
koela oenglipoen kirang langkoeng
kados ing ngandap poenika.

„Para sadèrèk! Ing sadèrèngipoen,
koela atas namanipoen P. K. W.
ngatoeraken kasoegangan dateng
pandjenengan sadaja, poenapa déné
ngatoeraken gènging panoewoen
koela dateng Komité ingkang nampi
tamoe, dateng pakempalan padvin-
der Morgenster; saha dateng sinten
kémawon ingkang sampoen ambi-
jantoe amrih saéning konggrès ing
daloe poenika.

Saweg sapisan poenika kita Soera-
karta-adingrat kanggé adjang-
konggrès P. K. W., sarta inggih
ing daloe poenika badé wonten
Pastoer Djawi paring wedjangan
babagan Katholieke Actie. Kadjawi
poenika, koela angènetaken dateng
pandjenengan sadaja bilih wèkdal
sapoenika, boten kedjarag P. K. W.
sampoen oemoer sadasa taen.
Koela matoer boten kedjarag, awit
kita boten saged mèngeti dinten
poenika kados mestinipoen. Mila,
ing daloe poenika, pandjenengan
sadaja koela atoeri ngiras ahèlèn
djagongan P. K. W.

Saben toetoeapan taen kaomè
dagang poenika sami damel pètangan
toena bati oetawi balans. Semanten
oegi toemrènging pakempalan. Meng-
gahing pakempalan ingkang nama
bati poenika manawi sakedik omong-
ipoen katah ingkang katindakaken,
kosok-wangsoelipoen nama toeni
manawi kekatahan omong sakedik
tindakipoen.

Satleraman taen ingkang kapeng-
ker P. K. W. kados gampil-gampil
kémawon pandamelanipoen, sadjak
nama namoeng ngoekoeti, i. p. ma-
srahaken Swara Tama lan van Lith
Fonds. Nanging, kadjawi saking
poenika, P. K. W. oegi damel pro-
paganda sarana serat oetawi wakil-
wakilipoen dateng Kalasan, Bara,
Ngidjon, Salatiga, sarta R. K. D. B.
ing Betawi. P. K. W. damel djawilan
soepados K. W. sami nindakaken
pandamelan ingkang pantes dipoen-
tindaki, kadosta dana kanggé ka-
sangsaran Likasan toewin Merapi.
Ing ngriki koela boten kesoeperèn

matoer noewoen déné djawilan waoe
sami dipoen-gatosaken lan oegi di-
poentindakaken.

Taon poenika ingkang dados
reksanipoen P. K. W. namoeng Roekti
Woeri. Nanging prkawis poenika
sampoen dipoentjekapaken déning
pangrèhipoen. P. K. W. inggih sam-
poen pitados dateng ingkang nin-
dakaken, sarta inggih katawis saé
temenan, katanda katahing arta
tanggèlan ingkang waoenipoen tijang
satoenggal saged-sagedipoen namo-
eng kénging nanggèlaken f 500,
sapoenika sampoen dados f 1000.

Poenika sadèrèk pandamelanipoen
P. K. W. kala taon kapengker.

Kaparenga koela damel balans
oetawi nradjoe kawontenanipoen
K. W. - K. W., kala taon kapeng-
ker. Nanging temenipoen nradjoe
makaten poenika pantjèn angèl,
déning angèneti K. W. poenika
warni-warni pandamelanipoen.

Manawi quantiteit-ipoen ingkang
koela tradjoe, warga-warganipoen
K. W. pinten-pinten ingkang ma-
noenggil ing P. K. W. goenggoeng
kempal namoeng mindak gangsal
tijang. Iba gènging manahipoen P.
K. W. ningali mindaking tjtjah-
ipoen warga ing Semarang, mèh
tikel kalih, i. p. waoenipoen 45 da-
dos 89. Nanging sapinten gela lan
prihatosing manah déné wonten K.
W. ingkang pamit palastra inggih
poenika K. W. Poerwardja. Malah
K. W. ing Soerabaja poenika neda
dipoenpedjahi.

Manawi qualiteit-ipoen ingkang
koela tradjoe, P. W. K. inggih angèl
anggènipoen nradjoe, awit inggih
katah prakawis-prakawis saé ingkang
sami katindakaken. Nanging kosok
wangsoelipoen inggih wonten ing-
kang lembèk tradjagipoen, wonten
ingkang dawah tjekapan, wonten
ingkang mopo. Mila, menggahing
qualiteit, manawi karatjak sadaja
dawah sedang. Nanging P. K. W.
inggih gadah pangadjeng-adjeng
bèndjing mesti badé langkoeng sa-
king sedang, mesti badé saé.

Babagan qualiteit poenika, wonten
ingkang prajogi koela pèngeti ing
ngriki i. p. jajasanipoen K. W.
Moentilan ingkang nama Harta
Daja ingkang sampoen gadah
banda langkoeng saking f 10.000
sarta pamireng koela batnipoen
langkoeng saking f 500. Lah poe-
nika pantes sanget dipoentiroe. Oe-
pami sadaja K. W. sami gadah
qualiteit ingkang makaten, iba badé
gantjanging tandang kita. Wonten
malih K. W. ingkang gadah jajasan
bangsanipoen makaten. Jajasan-
jajasan K. W. ingkang saé oepami:
Ngèsti Rahajoe ing Gandjoeran.
Wonten ingkang gadah jajasan
noenoentoen dateng kaetamèn,
nglebetaken piwoelang agami, noe-
noentoen remen tampi Panoenggal
Soetji lss. Poenika waoe sadaja
inggih pantes tinoelad.

Kawoeningana sadèrèk, aksi kita
poenika kedah adadasar kandel-
ing pangandel. Manawi pitados pand-
jenengan dateng agami Katoelik sam-
poen kandel, sampoen mantep, tetep,
aksi poenika badé gampil. Para
Pastoer poenika anggènipoen ma-
karja boten namoeng nglebetaken
piwoelang<sup>2</sup> agami Katoelik, nanging
oegi toemandang-damel wonten la-
ladan sociaal ingkang pandjenengan
sadaja sampoen mangertos lan me-
tik wohipoen. Pangadjeng-adjeng-
ipoen P. K. W. moegi K. W. lan
warganipoen K. W. sadaja sami
amitoeloengi pakarjan ingkang ma-
katen. Telas atoer koela babagan
qualiteit.

Sapoenika gantos dateng prak-
awis: „taoen iki akoe bakal toema-
ndang apa? Apa sing koedoe dak-
tindakaké?“

Para sadèrèk! Toemrap kita Ka-
toelik Djawi, ingatasipoen dèrèng
wonten satengah djaman, sampoen
kados makaten, sampoen gadah
pakempalan warni-warni, sampoen
gadah jajasan-jajasan pinten-pinten
poenika sampoen nama boten san-
ngèt-sanget. Gotrah Katoelik ing
bab pakempalan pantjèn nama soe-
gih, barang-barang oetawi artikelen
ingkang kadasaraken inggih sam-
poen warni-warni. Nanging prak-
awis toemindakipoen, poenika asring
katah tjèwètipoen, katah alangan-
ipoen anggènipoen badé ngadjeng-
aken. Namoe kèmwon koela
njaosi pangènet-èngèt, pakempalan
kita poenika pakempalan Katoelik,
dédé pakempalanipoen tijang Katoe-
lik. Pakempalan Katoelik poenika
pakempalan ingkang toemindak ma-
noet dadasar Katoelik. Katoelik
sedjati, dados béda kalijan pakem-
palanipoen tijang Katoelik. Awit
manawi pakempalanipoen tijang
Katoelik poenika sami kèmwon
kalijan padjagongan pakampoen-
gangan ingkang tijangipoen ngleresi
tijang Katoelik. Manawi pakempalanipoen
tijang, Kath. poenika saged njlèwèng
dados njatoer tijang sasaminipoen.
Pakempalan Katoelik poenika béda
kalijan pakempalan sanèsipoen. Pa-
kempalan sanèsipoen Katoelik ra-
tjakipoen ingkang kaanggé nomer
satoenggal namoeng prakawis ma-
teriel oet. djasmani, wangsoel pa-
kempalan Katoelik inggih leres
kénging ngrembag djasmani, nanging
poenika déné prakawis ingkang
kaanggé penting pijambak. Dados
pakempalan Katoelik gadah ediaal
langkoeng loehoer.

Sadèrèk! P. K. W. ngadjeng-adjeng
sanget sampoen ngantos pakempalan
kita ladjeng malih dados pakempal-
anipoen wong Katoelik. Awit ma-
nawi dados pakempalanipoen wong
Katoelik ladjeng-katah riribetipoen,
déning wonten nèm sepoeh, doewoer
èndèk, sasaminipoen. Manawi kita
sami Katoelik sadjati, temen-temen
nganggé dadasar oetawi beginsel
Katoelik, prakawis tètèk bengkè
ingkang ngriribeti lampahing pa-
kempalan kita mesti badé boten
wonten.

Lampahing dagang, ingkang di-
poentoembas oetawi dipoenkilak
poenika namoeng barang-barang
ingkang mesti dipoenadjengi tijang
katah. Pangadjeng-adjeng koela,
pakempalan kita poenika kedah
radi ambakoeli sakedik. Tegesipoen
prakawis damel instellingen oetawi
jajasan poenika sampoen dipoenjok-
ojak wani kèmwon, boten kamanah
laris lan botenipoen. Sampoen ke-
kathah damel ngaten damel ngaten;
kedah ngèneti ingkang kadamel
poenika kedah ingkang laris, di-
poenadjengi tijang katah. Prakawis
poenika soepados sami pandjenengan
panggalih. Nanging, . . . . . sampoen
kalentoe tampi, atoer koela maka-
ten poenika boten ateges P. K. W.
anti damel instellingen. O. . . . . babar
pisan boten. Kepara P. K. W. malah
ngadjeng-adjeng sanget initiatief
ingkang toewoeh saking pandjene-
ngan, nanging inggih poenika kedah
mawi parah-parah. Djer boten
sandé tijangipoen (— tegesipoen:
warganipoen; — A. S. D. —) inggih
sami kèmwon. Sampoen ngantos
Djawi sadaja kèmwon, koela atoeri
oeroen-oeroen soepados pakempalan
kita saged soeboer.

Wasana, minangka panoetoe-
p, koela ambali sapisan engkas, koela
èngètaken: pakempalan kita poenika
pakempalan Katoelik! Poenapa-
poenapa ingkang badé kita tindak-
aken kedah angèneti pakempalan
kita pakempalan Katoelik. Bab de-
damelan kedah ingkang practisch,
sarta bab tandang koela atoeri
ngagengaken, . . . sampoen ngantos
ladjeng nama pakoempoelan omong
. . . . . Mangga sadèrèk Katoelik
Djawi sadaja kèmwon, koela atoeri
oeroen-oeroen soepados pakempalan
kita saged soeboer.

Makaten kirang langkoeng ope-
ningsrede-nipoen pangarsa.

Saladjengipoen parepatan kabikak,
ladjeng ngesahaken notulen taon
kapengker.

Jaarverslag.

Jaarverslag poenika namoeng koe-
la tjetet ingkang perloe-perloe.

Tjtjabing K. W. wewah Salatiga,
R. K. D. B. ing Betawi, K. W. Ngidjon,
Bara, Kalasan oegi badé ngajom ing
P. K. W.

Tjtjahing warga 1929—1930.

Table with 2 columns: Location and Amount. Semarang 45 - 89, Gandjoeran 34 - 25, Djokja 50 - 46, Moentilan 47 - 40, Keboemèn 14 - 13, Solo 61 - 63, Medari 39 - 42, Ambarawa 33 - 34, Blitar 14 - 19, Klatèn 42 - 46, Soerabaja 19 - 0, Poerwardja 29 - 0, Salatiga - 13.

Lebet wedaling arta.

Doemoegi akiring taon 1930,
arta ingkang mlebet lan winstsaldo
taoen '29 wonten f 393,47. Arta
ingkang medal f 235,50. Dados ing
akiring taon '30 kekantoenaning
arta wonten f 157,97 (— kala '29,
saldo wonten f 269,27).

Jaarverslag Roekti Woeri. (Zie Sw. Tm. no. 8).

Sasampoenipoen jaarverslag R.
W. kawaos, sadèrèk Èndrawahjana
ngandikakaken bilih tjtjahing warga
R. W. 177 poenika manawi katanding
kalijan katahipoen warga K. W.
dègèng nama maremaken. Mila
kaadjeng-adjeng sanget moegi sadaja
énggal sami nglebeti R. W., apes
R. W. kedah gadah verzekerden 500.

Pangandikanipoen Rama Djajase-
poetra kalijan bab Katholieke Actie.

Rama Djajasepoetra madjeng, ka-
tampèn ing keplok mawoerahan,
perloe ngandikakaken prakawis Ka-
tholieke Sociale Actie. Pangandika
waoe wosipoen makaten:
Manawi tijang, pitakèn tegesipoen
Aksi Katoelik poenika ingkang gampil
kedahdatengRoem, botendatengDjer-
man, Frankrijk oetawi Amerika.
Djer Roem poenika ingkang damang,
ingkang toelèn, manawi ngrembag
prakawis-prakawis ingkang mawi
tjap Katoelik. Awit inggih ing Roem
poenika doenoengipoen Kangdjeng
Santo Bapa ingkang ngasta pangrèh
Katoelik.

Poenapa roemijin — K. S. Bapa
sapoenika poenika sampoen naté
ngandikakaken bab Katholieke Actie?
Pandjenenganipoen Kardinal For-
hauber tjarijan makaten: „Kangdjeng
Santo Bapa sing djoemeng saiki
iki bokmanawa ing bésoek ana ing
babad bakal olèh seseboetan Santo
Bapa aksi Katoelik. Pandjenengan-
ipoen manoe Osservatore Romano
(officieelblad Vaticaan) naté ngan-
dikakaken soeraosipoen makaten:
„Aksi Katoelik koewi panjamboet
gawé kang gandèng karo pakarjané
Pasamoewan Soetji“. Para imam
poenika kénging kaibaratakan ing-
kang ngladosaken banda paparing
dalem Sri Jèsoes dateng manoen-
gasa, déné para leeken (tijang limrah,
dédé imam) poenika ingkang nan-
djakakaken brana waoe. Dados
Aksi Katoelik makaten nama pé-
ranganing apostolaat Katholieke; mi-
jaraken djadjananipoen Pasamoewan
Soetji. Ing djaman roemijin Aksi
Katoelik poenika inggih sampoen
wonten, oepami kala S. Paoloes
nglempakaken dana kanggé tetjjang
Katoelik ing Jeroesalèm.

Wonten ing Ubi Aracano Dei,
pandjenengan dalem K. S. Bapa Pius
XI maringi tjonto-tjonto jajasan
oet. pakempalan ingkang kalebet
gegebenganing Katholieke Actie,
kadosta: congregatie, pakempalan
tampi Panoenggal Soetji, Eucharis-
tisch congres, Jeugdvereniging,

ISINIPOEN.

Verslag konggrès P. K. W.—Bulletin
prakawis pangkat Adj. schoolopsie-
ner—Tradjoe mas—Bangsa Katoelik
ing Joego-Slaviè — P. O. K. O. K.—
Kabar Klatèn — Kabar saking pa-
kempalan.

Manoe pangandikanipoen Kang-
djeng Maha Biskop ing Genua t.
Bogiani, Aksi Katoelik poenika
pakempalan oetawi ada-ada ingkang
kaedegaken oetawi katindakaken te-
tijang Katoelik ingkang déné imam;
sarta ada-ada poenika waoe warni-
warni mitoeroet kawontenan lan
kabetahanipoen pijambak-pijambak,
nanging sadaja toemoedjoe dateng
karahardjaning Pasamoewan Soetji,
pradja lan satoenggil-toenggil-
tjjang. Lan sampoen mesti kéma-
won karahardjan waoe mitoeroet
tjara Katoelik boten karahardjan
manoe ngèlmoe Moskou.

Sampoen tètela toedjoenipoen Pa-
samowan Soetji poenika: ndjoeme-
nengaken, mijaraken poenapa déné
njantosakaken Kraton Dalem. Lan
Kraton Dalem waoe, sadaja paparing
dalem Sri Jèsoes ingkang kaparing-
aken ing manoen-
gasa loemantar Pasamoewan Soetji. Manawi manoen-
gasa sadaja sampoen sami anetepi dawoeh
Dalem, ing ngrikoè Kraton Dalem
saèstoe sampoen djoemeneng. Dados
Aksi Katoelik poenika njoewoen
kanti toemandang: „moegi Kraton
Dalem kawijarna“ kados ingkang
kaseboet ing Sembahjangan „Kang-
djeng Rama.“

Katerangaken oegi bilih agami
Katoelik poenika boten kénging
kasamèkaken kalijan rasoekan. Ag-
ami Katoelik poenika gesang, won-
ten ing poendi-poendi boten namoeng
manawi wonten ing Grédja andèrèk
Mis, lss. Agami Katoelik poe-
nika werelldbeschouwing (levens-
beschouwing) ingkang kaparingaken
ing Allah.

Manawi tijang mila sampoen jak-
in, bilih agami Katoelik poenika
ingkang njata, paringipoen Goesti
Allah, mesti ladjeng katoewoehan
aksi kentjeng anoelaranen agami
waoe dateng tijang sanès.

Aksi Katholieke poenika tebanipoen
wajar, lan saben wonten tijang, aksi
Katoelik saged katindakaken. Pan-
djeninganipoen ladjeng metik oeng-
ngelingan statuten Katholieke Actie
ing Itali ingkang sampoen katetep-
aken saé déning K. S. Bapa, wos-
ipoen: „Aksi Katoelik Itali poenika
pandamelanipoen kekijataning tijang
Katoelik sadaja ingkang katah
kanggé mijaraken, netepaken, ngreks-
sa papakem Katoelik ingkang toe-
mrap tijang, brajat lan maatschappij.

Aksi Katholieke ing Itali waoe ga-
dah golongan djalar lan èstri, ingkang
sagolongan-golonganipoen kapérang
dados tiga, i. p. sepoeh, moeda lan
studenten. Déné program-program-
ipoen: 1) toemoet-toemoet nglampahi
apostolaat Katoelik. 2) Njamper-
nakaken gesangipoen manoe dra-
djad. 3) Anggoegoelang ngoedi pra-
kawis sociaal lan civil manoe
dadasaripoen Pasamoewan Soetji.
4) Ngreksa mardikanipoen Agami.
5) Ngoedi sagedipoen angsal we-
wenang-wewenang ingkang mikan-
toeki dateng tijang lan brajat Ka-
toelik. 6) Toemandang lan toemoet
ambijantoe ada-ada ingkang andjoen-
djoeng dateng sok tijanga.

Sagedipoen nggajoe toedjoe wa-
oe, Aksi Katoelik ing Itali migoe-
nakaken sarana: 1) para warga soe-
pados sami retrèt. 2) Nglampahi
prakawis-prakawis agami. 3) damel
konprènsi - konprènsi. — (Pande-
nengnipoen ladjeng ngandikakaken
goenanipoen retrèt).

Déné Aksi Katoelik ing Weenen
anengenaken bab apologie, caritas,
vakkbonden, bibliotheek, pers, cultuur.



Dados tetela bilih koekoebanipoen Aksi Katoelik poenika wijar, warni-warni. Semanten oegi toemtrap tanah Djawi ngriki, Aksi Katoelik waoe inggih warni-warni manoet kawontenan lan betahipoen, nanging sadaja anoedjoe dateng djembaring Kraton Dalem.

Saladjengipoen kapangandikakaken mempensing Aksi Katoelik ing Nederland, oep. pakempalan Missie-naakring, missiebusen, missieten-toonstelling, lss. Laré-laré katah ingkang nglebetaken arta papantjen djadjan wonten ing missiebus.

Ing Itali roemijin wonten pakempalanipoen para moeda ingkang gadah papandengan tigang prakawis i.p. sembahjang, njamboet gawé, koerban. Kawarsitakaken ing pamedar sabda, bilih sadaja-sadaja poenika kedah mawi banten, mawi koerban, kedah tjoetjoel. Manawi poeroen koerban, sadaja mesti badé katjepeng. Pantjen inggih angèl nindakaken Katholieke Actie. Nanging angèlipoen waoe manawi manoet ko-drating manoengsa. Nanging kawoeningana manoengsa wonten salebet-ing Agami Katoelik kaparingan srana-srananipoen, oep. Mis Soetji, lsp. Sapinten aosing Kommini Soetji, sapinten adsipoen andèrèk Mis Soetji. Tijang Katholik pantjen langkoeng awrat sasanggènipoen, nanging inggih sampoen dipoentjepaki srana-srana. Mila srana waoe kedah katindakaken, perloenipoen sageda Aksi Katoelik sakalangkang gantjang. Wasana pandjenenganipoen ngandika: „Sadèrèk! Mangga srana-srana ingkang kaparingaken ing Allah wonten ing agami Katoelik, samia kanggé. Pawitan ingkang ageng i.p. sembahjang lan njinaoe papakem-papakem Katoelik. Manawi sampoen makaten koela tanggel aksi kita boten badé kòmperèn. Sampoen sami alit ing manah. Sanadjan katahing tijang Katoelik namoeng sagedem, nanging jèn qualiteitipoen katah, saged damel geter. Mangga sami migoenakaken sarana-sarana Katoelik, sami maspadakaken papakem-papakem Katoelik”. (— Képlak ramé —).

Sadèrèk Dwidjaoetama miterang poenapa kekiranganipoen K.W. ing sapoenikanipoen babagan Katholieke Actie? (— Kaparingan wangsoelan: pandjenenganipoen boten damang dateng kawontenanipoen K.W. Nanging manawi K.W. njata angenggèni Aksi Katoelik ingkang kapentingaken kedah andjembaraken Karaton Dalem oepami sarana ngedalaken boekoe-boekoe, damel cursus, lss. Angadjengaken ekonomi inggih kenging, nanging kedah enget poenika dédé toedjoening Katholieke Actie ingkang no. 1.)

b). Poenapa ingkang perloe pijambak katindakaken wonten tanah Djawi ngriki? (— Kaparingan wangsoelan! empan papan empan djaman; djer Katholieke Actie poenika ratjakipoen warni-warni, manoet kabetahaning papanipoen pijambak-pijambak—).

Sad. Rakyaparmaka miterang: tijang Katoelik poenapa kenging mlebet ing pakempalan dédé Katoelik? Wangsoelan: Manawi badé dados tiwasipoen (— tiwas babagan kasoeckman—), badé andjalari pitoe-na anggènipoen nglampahi agami, — kedah boten mlebet. Nanging poenapa perloenipoen mladjeng dateng pakempalan sanès, manawi ing kalanganipoen pijambak sampoen gadah?

Gotrah Katoelik kedah sasat-asipat badan satoenggal, sabèn tijang Katoelik dados anggotaning badan waoe.

Sad. Djajaoetama miterang soeraosipoen dadasar Katoelik poenika ingkang poendi? Wangsoelan: koela boten saged njarijosaken prakawis poenika kanti widjang wonten ngriki. Nanging paogeran ingkang ageng, dadasar-dadasar Katoelik poenika saking wewedaraniipoen Allah (Godsopenbaring) lan saking ko-drat katjoendoekaken kalijan wewedarana waoe. Oepami ing ngriki sampoen wonten codex prakawis sociala ingkang isi dasar-dasar Katoelik tjekak-tjekak, kados ing Belgi, mesti badé katah sanget paedahipoen. Sarta ing ngriki inggih katingal bilih perloe sanget kados atoe koela waoe—gotrah Katoelik sami maspadakaken, sami sinaoe boekoe-boekoe ingkang isi papakem-papakem Katoelik babagan warni-warni.

Gandèng kalijan pitakènipoen sad. Dwidjaoetama, Rama Paran Para, ngandikakaken salebetipoen sadasa taoen P. K. W. katah jajasaniipoen ingkang kalebet ing koekoeban Katholieke Actie. Jèn P. K. W. boten wonten, Katholieke pers mesti boten kados sapoenika: jèn P. K. W. boten wonten, P. P. K. D. dèrèng wonten. Trijasa. Pangroekti Laja, lss. poenika saèstoe inggih Katholieke Actie. Dados K. W. sadaja, boten perloe ngéwahi aksi ingkang sampoen-sampoen, ngladjengaken kémawon jejasan-jejasanipoen soepados saja sampoen, awit poenapa-poenapa ingkang sampoen katindakaken salebetipoen semanten taoen poenika pantjen koekoeban Katholieke Sociale Actie.

Propaganda P. P. P. P. A. Sadèrèk R. C. Soegiri atas namanipoen P. P. P. P. A. lan inggih K. W. Mataram, ngandaraken kawontenan ingkang angasoraken daradjadiipoen wanita Djawi déning katah wanita Djawi sami kasadé déning soedagar, tijang èstri dateng tijang ingkang sampoen risak kasoelanipoen. Saladjengipoen kababadaken adegipoen pakempalan „Perkoempoelan Pembasmian Perdagangan Perempoean dan Anak-anak,” ing Mataram. Angèngeti kabangsan, lan Agami Katoelik ingkang sami kaantapan, tetijang Katoelik sadaja kedah boten lila manawi bangsanipoen golongan wanita kaanggé dolanan makaten poenika. Mila sadèrèk Soegiri ngadjeng-adjeng sanget soepados kadang Katoelik sami toemandang sengkoe, ambijantoe sedyaniipoen P. P. P. P. A. Kaadjeng-adjeng oegi soepados K. W. ing poendi-poendi samia njamboet damel sasarengan kalijan pakempalan-pakempalan sanès kanggé ngedegaken P. P. P. P. A. Nanging wantos-wantos; welingipoen „sadèrèngipoen kita toemandang amerangi kawontenan poenika, kita kedah ngresikaken kadang kita pijambak roemijin, kedah njaponi kawontenan-kawontenan ingkang ngasoraken kasoelan ingkang pinanggih wonten ing golonganipoen wandawa Katoelik.”

Sesorahipoen sadèrèk Soegiri poenika sakalangkang amranani, sarta sadjakipoen inggih badé ngedalaken woh katah.

Wasana watawis djam 11,30, parepatan malem Ngahad katoetoe kanti wilodjeng.

Ingkang rawoeh Rama Paran Para wawakilipoen K. W., kados parepatan malem Ngahad.

I. Pakabaran.

Komisi Tatatjara. Prakawis „tatatjara” boten saged karembag ing parepatan dinten waoe, margi panjam-boetdamelipoen Komisi (—inggang doenoengipoen wonten Moentilan) dèrèng rampoeng. Ingkang makaten waoe gandèng kalijan karibedan margi koerdanipoen Merapi, K.W. ingkang dèrèng ngintoenaken rembag kan-toen Blitar lan Moentilan.

Trijasa. Ingkang noenoetaken rembag babagan Trijasa K. W. Semarang lan Mataram, Rembag kaladjengaken déning P. K. W. dateng H.B. P.P.K.D., sarta H.B. P. P. K. D. sagah badé mangsoeli. Kanggé oeroenan wiwitan dateng Trijasa, parepatan moetes P. K. W. oeroen f30.

II. Pilihan Pangrèh.

Kapoetoes pangrèh lami tetep, kawewahan commissaris kalih ing Semarang lan Madari. Dados woedjoedipoen pangrèh énggal waoe:

- s. Somadisastra (Solo): pangarsa; s. Martawihardja (Klatèn): moeda pangarsa; s. Hardjasoebrata (Solo): panitra no. 1; s. Poerwa-atmadja (Solo): panitra no. 2; s. Djajaoetama (Solo): pangroektiarta; s. Soepadi, (Semarang), s. Kresna-amidjaja (Medari), s. Hardawirjana (Ambarawa), s. Soerjamoersandi (Moentilan), s. Sastrawinata (Djokja), s. Èndrawahjana (Delanggoe).... sami dados warga noepiksa.

Ingkang djoemeneng Rama Paran Para taksih Rama H. Koch.

III. Rectificatiecommissie.

Ingkang kapilih dados Rectificatiecommissie kanggé Roekti Woeri sadèrèk Iskak, s. Santjaja lan Poes-pasoetjpta. Déné kanggé P. K. W., sadèrèk Dwidjaoesana, Martasoedarma lan Rakyaparmaka.

VAN LITH-STICHTING
Madjengipoen jejasan énggal poenika andjoendjoeng dradjadiipoen gotrah Katoelik sadaja.
Peningmeester V. L. S. p/a 2e. Convict Moentilan N.I.S.

IV Persactie; persfonds;

Sasampoenipoen wakil van Lith Sichtung damel propaganda, s. Soerjamoersandi anglantaraken we-

lingipoen Rama J. ten Berge dirèktoer Normaalschool ing Moentilan, soeraosipoen makaten:

Perloe sanget manawi K. W. poenika gadah babadan ingkang ngagengaken persactie, sarta kaparsahan pandamelan: a). nglempakaken langganan Swara Tama, Soera Katholiek, lan Tamtama; b). toemandang amrih indaking langganan; c). Anggrèthi para langganan soepados sami setya pambajariipoen. d). Soeka katrangan dateng Administratie manawi wonten langganan ing ngrikoep pindah, awit limrahipoen tijang pindah poenika boten mesti toemoenten ladjeng ngabari Administratie—Wragad serat-serat (Correspondentie) kasanggi ing Administratie—e). Ngwontenaken pembantoe ingkang tetep ingkang asring njerat (—wonten koran oet. kadamel boekoe—) babagan sociologie, apologie lss.

Wiwit taoen '30 pandjenenganipoen kagoengan idam-idaman damel persfonds ingkang badé ladjeng ngedalaken boekoe-boekoe ingkang migoenani, basanipoen tjara Djawi toewin Walandi.

Kadjawi poenika, pandjenenganipoen ngadjeng-adjeng sanget soepados K. W. poeroena kilak boekoe-boekoe ingkang kawedalaken ing Tamtama, kasadé dateng warga-warganipoen.

Grija-retrèt binarkahan.

Bèndjing Ngahad 22 Maart poenika, wanti djam 10 èndjing, Grija-retrèt ing Girisanta badé binarkahan. Saweg sapisan poenika ing Indonesia wonten lalampahan makaten. Mangga kadang Katoelik samia gita, goepoeh, mrelokaken angèstrèni.

V. Oesoel-oesoel lan poetoesan.

(P. K. W.) — Soepados P. K. W. ngwontenaken boekoe-boekoe ingkang papular babagan sociale kwesties. Sadèrèngipoen wonten fonds Pangrèh P. K. W. gadaha wewenang mendet arta kas katah-katahipoen f 50. — minangka pawitan fonds, ingkang soepados ladjeng saged nandangi toemoenten. — Oesoel poenika katampi; lan... kontribis boten mindak boten barang.

A. Babagan Roekti Woeri. K. W. Moentilan. Njoeuwen soepados P.K.W. setijar ngèntèngaken pandamelanipoen Penningmeester R.W. soepados pandamelanipoen saged rantjag.

Poetoesan. Oesoel poenika katampi, sarta kados-poendi oebeng-ingeripoen kaparsahaken pangrèh Roekti-Woeri pijambak. Sarta sapoenikanipoen, sampoen wonten prijantoe ingkang kanti legawaning panggalih toemoet toemandang ngrigen-grigenaken wonten R. W. i.p. Rm. Santjaja, Schatkestambenaar ing Ngajodja.

Sadèrèk Kasima ngèngetaken, manawi katanding kalijan Levensverzekering ingkang langkoeng sepoeh kadosdéné O. L. Mij. P. G. H. B., levensverzekering katoelik; R.W., boten kawon. Lan tjatjahing warga 177 poenika taksih kenging ka-adjeng-adjeng mindakipoen. B. Oesoel babagan sanès.

(— W. Blitar.) — 1). P. K. W. sageda njebar octawi ngoemoemaken dateng sadèrèk goeroe-goeroe doesoen missie, soepados pendak woelan kempalan, katoentoen salah satoenggiling mantri goeroe, ngrembag piwoelang sanès-sanèsipoen ing kang magepokan sekolahan.

Poetoesan: Prakawis poenika dadosa pamanahanipoen K. W. Manawi saged, inggih prajogi toemindaka kados pikadjengipoen oesoel Blitar poenika.

2). P. K. W. karsaa oesoel lan njamboet damel sasarengan kalijan Stichting.

Oetoesan Blitar nerangaken, Stichting ing ngriko kadjengipoen: Onderwijs Stichting kagoenganipoen Missie kadosta: Canisius Stichting lan Johannes Gabriël Stichting.

Poetoesan: Stichting makaten poenika wonten satoenggal-toeng-galing papan sampoen gadah wawakil. Kaprajogèkaken manawi wonten rembag poenapa-poenapa soepados miterang kémawon dateng wawakil waoe amrih sagedipoen sakèlja kalih-kalihipoen.

3). P. W. K. amboedidaja soepados sadaja warganing Sociaalvereniging - vereniging ingkang dipoenajomi K. W.-K. W. samangsa wonten sadèrèk pindah panggenan, sageda dados warganing pakempalan ingkang sami kalijan ingkang sampoen, oepami: Pangroekti Laja, Studiefonds lsp.

Poetoesan: Prakawis poenika manawi pangrèh K. W. sami poeroen, mesti inggih saged kalampahan, oep. sarana manawi wonten warganipoen ingkang pindah, ladjeng ngabari dateng pangrèh K. W. ing papanipoen énggal warga ingkang pindah waoe.

4). P. K. W. nboedidajaa soepados boekoe-boekoe wedalan lectuur-fonds, kakintoena dateng K. W. -K. W. Pastoeran - Pastoeran lan dateng sadèrèk Katoelik ingkang ingriko dèrèng wonten pakempalan, lan ladjeng saged andjembaraken tebaning boekoe-boekoe kaseboet sarana exemplars.

Poetoesan: Manawi wonten K. W. ingkang neda; inggih badé katindakaken. Sarta ka-adjeng-adjeng soepados K. W. sami setijar amadjengaken boekoe-boekoe waoe. (... Lan... koela imbeti: Lectuurfonds pijambak inggih kedah angagengaken propaganda, njebar wara-wara, nglebetaken advertentie wonten Sw. Tama, S. Katholiek, Tamtama, damel agèn lss.— A.S.D.) (K. W. Moentilan.) 1). Njoeuwen soepados P.K.W. ngwontenaken Commissie ingkang njinaoe bab „Katholiek dag.”

Poetoesan: Oesoel poenika katampi Komisi kaparsahaken K. W. Moentilan.

2). Njoeuwen soepados P.K.W. oesoel dateng Bestuur Canisius, soepados Bestuur Canisius manggalih indaking Algemeene ontwikkelng lan Katholieke actie dateng sadèrèk goeroe-goeroe doesoen. (K. W. Moentilan.)

Poetoesan: Prakawis poenika sampoen dados panggalihanipoen Missie pijambak; sarta inggih sampoen wonten ingkang nindakaken.

(K. W. Solo). 1). Soepados P. K. W. manggalih damel boekoe „Poenodjoek djalan,” minangka handleiding ing Pangrèh K. W.-K. W.

Poetoesan: P. K. W. inggih badé nindakaken. Mriksanana oesoel pangrèh P. K. W.

2). Soepados P.K.W. njinaoe lan njelidiki bab wontenipoen Bank Katoelik.

Poetoesan. P.K.W. sagah sanget matitisaken rembag sagedipoen ngawontenaken Bank Katoelik poenika. Sarta rembag poenika soepados

BANGSA KATOELIK ING JOEGO-SLAVIË.

(taksih kirang.....)

Toewan Dr. Felix Ratten correspondent serat kabar Katoelik „de Tijd” énggal poenika sowan Kandjeng Biskop ing Split (Joego-slavië) njoeuwen pirs kados poendi kawontenanipoen bangsa Katoelik ing ngriko.

Kandjeng Biskop ngandika bilih ing Joego-slavië bangsa Katoelik boten dipoenkoeja-koeja, nanging kados déné ing poendi-poendi, makaten oegi ing Joego-slavië bangsa Katoelik dipoensengiti.

Temtoe kémawon anggènipoen sengit waoe saja sanget, manawi wonten mitranipoen ingkang oegi sengit.

Joego-slavië poenika samangké memitran kalijan Frankrijk. Mangka pangrèh Frankrijk poenika adedasar vrijmetselarij. Ing Joego-slavië vrijmetselarij pantjen madjeng, tandanipoen tigang taoen kapengker sampoen saged ngwontenaken congrès ageng ing Beograd.

Vrijmetselarij ing Joego-slavië poenika gadah gagasan makaten: Frankrijk ikoe moengsoeh Fascisme ing Itali (awit vrijmetselarij ing Itali dipoenpoentes déning Musolini, para gégèmbong sami dipoenboetjal. J.K.). Vatican poenika memitran kalijan Itali, jèn makaten Vatikan (Vati-

kaan ngriki tegesipoen: I.S. Kangdjeng Santo Bapa sakalèrèhanipoen, dados sadaja ingkang nama Katoelik oegi katoet. J.K.) memitran kalijan Fascisme, jèn makaten memengsahan kalijan Joego-slavië, djalaran Joego-slavië poenika sanget anggènipoen mengsah Itali ingkang dedasar Fascisme.

Sanadjan gagasan ing nginggil poenika boten leres (tjengkah kalijan logica. J.K.) éwa samanten bangsa vrijmetselarij ladjeng damel poetoesan makaten: „Dadi jèn mangkono wong Katoelik ing Joego-slavië ikoe moengsoehing Nagara.” Bangsa Katoelik dipoenanggep njamari toemrap Nagari oegi djalaran tijang agami Griek sami dados Katoelik, mangka agami Griek poenika agaming Nagari.

Wonten malih ingkang kaanggep dadakaning memengsahan:

Djamanipoen I.S. Kangdjeng Santo Bapa Leo XIII, bangsa Katoelik ing Joego-Slavië kaparengaken nganggé basa Servisch-kina toemrap litoergi (wonten salebeting Mis lan sapanoenggilanipoen). Saking krènahipoen Oostenrijk ladjeng ing sadèrèngipoen woten perang ageng, boekoe-boekoe litoergi boten ké-

nging kaetjap malih. Mengsahipoen Pasamoewan Soetji noenten njebar kabar: Koewi saka pangawéné Roem (Kangdjeng Santo Bapa. J.K.).

Minangka tanda bilih I.S. Kangdjeng Santo Bapa boten karsa ngitjali litoergi ing basa Servisch kina waoe, Pandjenenganipoen ing taoen 1927 marengaken ngetjap Missaal (Indjil ing Mis) kanggé Joego-slavië mawi basa Servisch kina, tanpa basa Latin, namoeng kémawon sabèn katja dipoenpalih, ingkang sasisih mawi aksara Cyrillisch, ingkang sapalih mawi aksara Latin.

Kadjawi poenika ing Joego-slavië wonten panasaran namanipoen oud-Katholiek, poenika oegi mengsah dateng golongan Katoelik. Tijang agami Griek masti kémawon oegi toemoet sengit, amargi wonten ingkang teloe kados Katoelik. Poenika ingkang dados sababipoen déné Joego-slavië boten poeroen damel concordat (pradjandjian) kalijan I. S.K. Santo Bapa.

Bangsa Katoelik ing Joego-slavië poenika taksih kirang mangertosipoen saèstoe dateng agami lan kirang organisatie. Nalika djaman kabawah Oostenrijk, ingkang dipoenperlakaken namoeng organisatie nasional, perloenipoen inggih poenika: „oewala saking Oostenrijk.”

Kelampah Joego-slavië samangké sampoen mardika. Nationalisme sam-

poen katjepeng, nanging bangsa Katoelik sapoenika saweg ngertos kekiranganipoen. Roemijin ingkang dipoenimpi-impi namoeng nationalisme, kasoepèn dateng organisatie pijambak, tjontoniipoen: sakoekoeban Croatie koran Katoelik namoeng satoenggal. Kita ingkang tijangipoen Katoelik 40.000 kados déné Split, boten gadah koran Katoelik satoenggal-toenggala.

Bangsa Katoelik roemijin inggih sampoen naté ngadegaken poenapapoenapa, nanging ladjeng karémbak déning Nagari. Nagari ngawisi sport ingkang adedasar agami.

Sarèhnè parlement sampoen boten wonten, sampoen kagantos dictatur, mila panggoela wentahing badan toemrap laré-laré ingkang njepeng inggih Nagari. Makaten oegi onderwijs kadjengipoen badé kaparsahaken dateng Nagari. Sareng para Biskop-biskop sami protèst, Nagari ladjeng boten dawoeh noetoepe sekolah-sekolahan ingkang dedasar agami, namoeng kémawon mbikak sekolahan énggal: dipoenawisi. Kweekschool kanggé tjalon goeroe Katolik inggih wonten, nanging jèn laré-laré sampoen katrimah, boten kabenoem ing Nagari.

Poenika sadaja kabekta margi bangsa Katoelik ing Joego-slavië mangertosipoen dateng agami taksih kirang, organisatie boten wonten. Katah ingkang gadah gagasan: ora perloe noeroet marang Biskop, ang-

geré arep mati tanpa Sakramèn, rak wis tjoekoop. Ingkang kados makaten poenika langkoeng-langkoeng bangsa intellect, ingkang sampoen sami sinaoe ing Frankrijk.

Ing nginggil poenika pangandikanipoen K. Biskop ing Split. Kawontenanipoen bangsa Katoelik ing Joego-slavië minangka piwoelang kanggé kita bangsa Katoelik ing Indonesia.

Kita kenging kémawon toemoet-toemoet dateng ébah-ébahan nasional, nanging boten kenging kesoepèn dateng organisatie pijambak.

Organisatie poenika toenggil lingga kalijan organisme. Badading tijang poenika organisme, sadaja gegelitan toedjoenipoen satoenggal inggih poenika amrih saéning sabadan, satoenggal-satoenggalipoen sami loeng-tinoeloeng. Soekoe mlampah mlampah, mripat melèk soepados sampoen kesandoeng, koeping kapasang, soepados jèn wonten dot-dot mireng lsp. Sadaja gesang.

Makaten oegi kita, kedah kados organisme, sadaja dados satoenggal toergesang, katingal jèn gadah aksi Katoelik. Pramila perloe sanget jèn kita bangsa Katoelik ngagengaken pakempalan-pakempalan kita: politik lan social. Koran Swara-Tama lan Soera Katoelik kaadjengaken. Aksi, aksi kanti organisatie! jèn boten makaten satemah kados Joego-slavië.

Jèn kober.



inggih dados pamanahanipoen K. W. Awit doemadosipoen Bank ageng poenika manawi pantjèn sampoen katah K. W. ingkang gadah jajasana golonganipoen makaten poenika.

3). Soepados P. K. W. amboedidaja wontening P. K. W. -nipoen Indonesia. (Tentang-soeling pakempalan-pakempalan Katoelik babagan sociaal ing Indonesia).

Poatoesan. Prakawis poenika dados idam-idamanipoen P. K. W. Namong kèwawon manawi ladjeng toemonten, poenika dèrèng saged. Dados sagedipoen kalampanan inggih alon-alon.

4). Sarèhnè taon 1931 poenika P. K. W. sampoen oemoer 10 taon, bok P. K. W. lan K. W. -K. W. ngawontenaken feest 10 taonan.

Poatoesan. Bèndjing manawi kalih welas setengah taonan kèwawon.

(K. W. Klatèn). 2). Soepados P. K. W. njogoka dateng K. W. -K. W. mitoeloengana adjenging SWARA-TAMA. Oesoel poenika katampi.

2). P. K. W. nenangia dateng K. W. -K. W. soepados nandang adjenging ekonomi. Oesoel poenika katampi.

3). P. K. W. ngèrkadajaja sageda ngawontenaken Almanak Katoelik (Kalender) ingkang moerakabi.

Poatoesan. Angèngeti 1). sapoenika sampoen wonten Missie Almanak lan Missie Kalender. 2). sedyanipoen P. K. W. badé ngedalikan boekoe-boekoe babagan sociale kwesties kaseboet nginggil, . . . . . amboedjeng perloe, wekdal sapoenika parepatan dèrèng saged moepakati oesoel Klatèn poenika.

(K. W. Semarang). 1). P. K. W. soepados andjanga dateng practische sociale actie oepaminipoen coöperatie lan reclasseering, mbikak Klinik, lss.

Poatoesan. In principie moepakati. Ingkang saged toemonten katin-dakaken: babagan coöperatie lan reclasseering. (— K. W. Semarang saged atetoeloeng manawi wonten K. W. sanès badé toemandang ing babagan reclasseering —).

2). Anggegang Katholieke goede lectuur. — Oesoel poenika katampi.

3). P. K. W. sasaged - saged ictijang ngraketaken pitepanganipoen kalijan K. W. -K. W. sarana ngawontenaken sesorah déning warga P. K. W.

Poatoesan. Oesoel katampi. Jèn wonten paneda saking K. W., badé dipoenlaksanaan. Nanging inggih poenika: prakawis ragading lampah kedah mangertos pijambak.

(K. W. Mataram). 1). Soepados ing poendi-poendi ingkang wonten K. W. dipoenwontenana propaganda - bureau.

Poatoesan. Prakawis poenika kaspasrahaken dateng K. W. pijambak-pijambak kanti ngènteni saben warga pangrèh poenika sampoen dados propagandist.

2). Soepados sadaja K. W. damela vaandel sasaged-saged sami, soepados wonten eenheid.

Poatoesan. Jèn saged prajogi. (— Oatoesan K. W. Mataram nawèkaken tjengkorongan woedjoeding vaandel sakalangoeng saé, katah ingkang remen —).

3). Soepados sadaja pakempalan pralènan Katoelik wonten tatangsoelipoen.

Oatoesan Mataram nerangaken oesoel poenika kadjengipoen soepados ing salebetipoen pranataning pakempalan pralènan Katoelik ing poendi-poendi wonten oengel-oengelan ingkang madjibaken kedah ngokoepoer lajonipoen tijang Katoelik mantja ingkang pedjah wonten papan ngrikoe.

Poatoesan. Manawi madjibaken saben pakempalan pralènan Katoelik kedah gadah pranatan ingkang makaten oengelipoen, boten saged.

Nanging P. K. W. sanget ngadjeng-adjeng soepados manawi wonten tijang Katoelik mantja pedjah, lajonipoen sampoen ngantos kapiran langkoeng-langkoeng manawi ing ngrikoe wonten pakempalan pralènan Katoelik.

(K. W. Keboemèn). 1). Boten tjoetjog jèn boten tampi Kommini dipoenwedalaken saking K. W.

Oatoesan nerangaken oesoel poenika kadjengipoen kanggé ndandosi sampoen ngantos tijang Katoelik ingkang makaten waoe kaladjeng-ladjeng anggènipoen ketrival-triwal.

Rama Paran Para aerangaken boten sadaja ingkang boten tampi Panoenggal Soetji ing wekdal Pasah, ladjeng kawedalaken. Ingkang kawedalaken waoe ingkang pantjèn sampoen tetela, sampoen oemoem, amboetjal agaminipoen Katoelik. Manawi wonten tijang Katoelik ingkang sampoen makaten poenika, kedah kawedalaken saking pakempalan-pakempalan Katoelik; poenika sampoen dados wèt-ipoen Pasamoewan Soetji.

2). P. K. W. poenapa sampoen gadah reservafonds kanggé darma oet. dana. Jèn dèrèng kedah damel.

Poatoesan. Boten moepakati. Awit darma makaten warni-warni wonten ingkang darma kanggé kasangsaran margi babaja kodrat, oep. pak. darma Semeroefonds; . . . lss.; manawi kadadosaken satoenggal mesti rekasos. — K. W. Keboemèn madjibaken warganipoen njèlèng, soepados manawi wonten kaperloewan darma samangsa-mangsa saged soedija, . . . poenika inggih saé, pantès dipoen-tiroe.

3). Rama-rama Pangèn Djawi soepados kapotrèt. Sasaged-saged para warganing K. W. karsaa toemasa.

Poatoesan. Prakawis Imam kapotrèt poenika kedah mawi njoewoen palilahipoen Superior. Lan ingkang kapotrèt waoe poenapasaben wonten Rama Pastoer Djawi poenapa namoeng Pastoer Djawi sapisanan, kaping kalih, oet. kaping tiga. Mila, . . . prakawis poenika kaspasrahaken kèwawon dateng rerigenipoen P. K. W.

Aksi merangi boekoe saroe wedalan Balé Poestaka.

Oatoesan K. W. Moentilan angandaraken prakawis boekoe-boekoe saroe wedalan ing Balé Poestaka, ingkang angrisakaken kasoelilaing bangsa. (oet. laré-laré sakolah). Mangka leresipoen Balé Poestaka ingkang kènging oegi kaéwokaken jajasnanipoen regeering, kedah boten toemindak makaten. Kepara malah kedah njaekaken kalakoewanipoen bangsa Indonesia. Mila, . . . K. W. Moentilan neda soepados kadang Katoelik oet. parepatan P. K. W. mrotès keras tindakipoen Balé Poestaka waoe medal ing P. K. W.

Parepatan moeties rembag poenika prajogi kaembat ingkang mateng roemijin. P. K. W. badé njinaoe prakawis poenika kalajan saestoe, sarta badé sasambetan rembag kalijan K. W. Moentilan.

Eman sanget déné rembag penting poenika karembagipoen wonten ing parepatan waoe nama soesoelan, sarta sasat sampoen boten komanan wekdal.

Sasampoenipoen poenika, ladjeng doemoegi agenda pitakènan. Watawis djam kalih, parepatan

katoetoe kanti wilodjeng. Pangarsa ngadjeng-adjengsoepados konggrès P. K. W. andajanana adjenging K. W. A. S. D.

### BULLETIN PRAKAWIS PANGKAT ADJ. SCHOOLPZIENER.

Katrangan saking V. B. P. G. H. B.

Sw. Tm. no. 8, ingkang medal tg. 19 Pébroewari '31, ngewrat „motie saking Persaudaraan” ing Poerwakerta, ingkang toedjoenipoen boten noijogi kalijan poatoesanipoen V. B. P. G. H. B. kados ingkang kasebating „Bulletin”-ipoen kasoewoer poenika.

Ing P. G. no. 5, (5-Maret '31). V. B. P. G. H. B. soeka katerangan, sebab poenapa kok tindakipoen kados makaten. Ing ngandap poenika petikan saking P. G. no. 5 waoe; artikelipoen asesirah: „Motie melawan P. G. H. B.”

Adapoen tidak setoedjoenja V. B. P. G. H. B. dengan pangkat itoe, (i. p. Adj.: Schoolpz. Red. Sw. Tm), hanja karena medjaga, djangan sampai kaem goeroe, jang sekarang MEMANG SOEDAH BOEROEK NASIBNJA, akan dipermoerah lagi.

Pertjajalah, hai sdr.-sdr. koe kaem goeroe, bahwa pangkat baroe jang dinamakan Adjunct-Schoolpziener itoe diadakan, hanja dengan maksoed akan mempermoerah kaem kita. Boektinja:

1. Pekerdjaan Schoolpziener jang oleh Gouvernement dihargai dengan tambahan gadjih f 100.— bagi goeroe asal dari K. S. dan f 75.— bagi goeroe asal dari N. S. oleh jang mengadakan pangkat Adj. Schoolpz. hanja akan diberi harga separoehnja, jaitoe tambahnja hanja f 50.— dan 37.50, sedang menoe-roet kebiasaan particuliere dan gesubsidieerde instellingen memberi harga lebih tinggi dari Gouvernemen.

Pangkat Schoolpz. jang berhoebog dengan pekerdjaannja dipandang penting, jang haroes mendjaga soepaja deradjatnja dan kehormatannja dipandang orang jang didalam Volksraad poen telah diakeoi (dengn motie) bahwa gadjihnja masih koerang oentoek keperloeanja, sekarang akan ditoeoerkan harganja dan semata-mata dipandang sebagai pangkat jang tidak berarti.

2. Moela-moela oentoek pangkat ini diichtiarkan kepada goeroe asal dari Kweekschool. oempamanja sdr. M. S. di Dj., sdr. S. di Solo, sdr. A. di Solo enz.

Karena sdr.-sdr. itoe yakin, bahwa sikap P. G. H. B. itoe oentoek kepentingan oemoem (kepentingan kaem goeroe seloeroehnja), maka dengan tidak ragoe-ragoe menolalah mereka itoe.

3. Lebih njata lagi, bahwa jang dipentinken itoe hanja kemoerahan sadja, karena diantara doa goeroe jang akan dipermoerah, masih ditjari lagi mana jang lebih moerah, jaitoe jang masih sedikit dienstijdnja.

4. Sekarang disiarkan advertentie didalam Darma-Kondo. roepanja dengan pengharapan, barangkali sadja diantara kaem goeroe masih ada jang boleh diaboeli, malahan advertentie itoe (soepaja lebih menggelapkan) dioebah: boekan lagi ditjari jang goeroe oentoek Adjunct-Schoolpziener, tetapi oentoek SCHOOLPZIENER TWEDE KLAS, meskipoen oepahnja tetap sadja . . . harga obral.

—o—

Boekan terhadap kepada pangkat Adj. Schoolpz. sadja P. G. H. B. bersikap demikian, tetapi dalam segala hal, jang berarti menoeroenkan nasib, martabat dan deradjat kita, P. G. H. B. haroes bertentangan. Sangkaan-sangkaan dari rapat Persaudaraan di Poerwakerta, bahasa P. G. H. B. dengan tindakan itoe akan menahkan perbaikan pangkat bagi goeroe keloear N. S. sekali-kali tidak beralasan (lihatlah sadja advertentie didalam Darma-Kondo). Sajang lebih dari pada sajang, kalau soeatoe sikap jang dilakoekan oentoek kepentingan kita, oleh golongan kita sendiri akan dilemahkan dan diroesakkan.

### CORRESPONDENTIE.

P. S. A. Bms. — Rembag sampoen kasigeg.

Kita kalilana nglantaraken sanget panoewoenipoen sdr. Abn. 269 dateng sdr. ingkang sampoen karsa kintoen bebingah kanggé Abn. ingkang anggènipoen ngesahi arta lenggan taon 1931 roemijin pijambak. Awit mila pijambakipoen ingkang tampi bebingah waoe.

Abn. 176, briefkaart pandjenengan sampoen katampi. Poenika pantjenipoen owel; nanging sarèhnè adreng ing pamodoet; inggih badé kita tindakaken.

Sdr. D. ing Kr. Banj. Solo; ngladosi para sdr. poenapa sapamoendoetipoen poenika pantji inggih idam-idaman kita. Nanging sarèhnè kita kedah nglampahaken poenapa ingkang sampoen katetepaken: milanipoen kita kapeksa nindakaken kados ing adat. Sampoen dados pangalih.

Red. Matoer noewoen dateng para mandjoeroeng karangan! Margi ribet, isinipoen Sw. T. dinten poenika boten kados adat. Red.-Adm. Sw. Tm.

### PRADJA RAHAJOE.

#### TRADJOE MAS.

„Djaman édan, arep ngédan ora tahan.” „Ora ngédan poen kakang nora kedoeman.” „Hantjoer Ling.”

Soewawi paribasan ing nginggil poenika koela atoeri ngagem rengeng-rengeng mawi lagoe ketoprak idjo-idjo, mangké dateng koeping soewaranipoen rak nglenjer. Lo, tinimbang namoeng kèndel kèwawon tenger-tenger ngétang betah, jèn wonten tijang gendoerèn sok dipoenlangkoengi. Nanging paribasan waoe soeraosipoen sampoen kagatosaken sanget-sanget, mangké soewanten pandjenengan mindak boten saged medal.

Sampoen klebet wonten ing Staatsblad, jèn ta bangsa kita Djawi poenika tinitah gadah watak nriman, nglengeng, toekang ngampet. Menggah liripoen: „Arep ngéné-ngéné wedi, mengko diaran sok ngénang-néné. Arep ngono-ngono ora wani, sebah ana tetemoengonan adja sok ngono-ngono ngono-ngono.” Dados kekadjengan kita poenika boten naté tjeta, oepami warni makaten kados Harja Sangkoeni ingkang amper itjal tjètipoen, rainipoen namoeng lamat-lamat. Woensana temboengipoen sanès ham-bedagel, kados tijang mènèk klapa ingkang ketoengkoel singoenen, éwoeh, badé minggah boten saged, badé medak boten saged, woensana namoeng oengkak-oengkek wonten tengah kèwawon, perloe ngentosi anda. Saladjengkita dédé kaoem-ngéné, dédé kaoem-ngono, nanging kaoem-nganak. La, dateng sirah malah sangsaja ngenoet-ngenoet.

Béda kalijan bangsa sanès ingkang tandangipoen sadjak nékad sedajasadaja kawedal. Namoenng tjepet tjékat-tjéket, awit kala tida tjepet tida dapat. Kanggé toelada ingkang gampilan:

Roemijin bangsa kaoem I. E. V. naté njoewoen dateng Negari soepados maringana siti dateng bangsa werkloezen (I. E. V. -ers) kènginga kapendet kasilipoen minangka sa-

### RECTIFICATIE.

S. T. No. 11 tg. 13 Maart 1931, katja I. „B. O. santoen gagra,” larikan 21 saking nginggil: „kados angèl sanget anggènipoen badé mastani B. O. anti agama!” leresipoen: „kados angèl sanget anggènipoen B. O. TEN badé mastani . . . . .”

### CORRESPONDENTIE.

ngoening ngagesang. Woensana dipoenparingi, menggah prenahipoen siti waoe wonten ing bawah „Basoeki-nan. Nembé poenika mentas dipoenitenti pariksa, angsal-angsalanipoen ketingal saé, angsal ingalem-bana. Malah saking panginten koela bèndjang saged oegi dados Compañon, dados onderneming ingkang ageng-agengan. Mangga, poenapa tékad makaten waoe boten nama satoenggiling tékad ingkang hambrekati? (sanès ham-brakoti).

Mangka dèrèng dangoe wingi poenika I. E. V. afdeeling Tjilatjap mentas oesoel malih dateng Hoopbestiripoen, soepados njoewoena siti malih dateng Sang Pamaréntah kanggé werkloezen (I. E. V. -ers), awit mitoeroet laatste telling tjajahipoen werkloezen (I. E. V. -ers) sampoen wonten 2400.— Déné ingkang dipoenindik-indiki, inggih poenika siti Sidaredja bawah Banjoemasana.

Horotto soemangga pendjenengan pengalih! Poenapa pendjenengan boten ladjeng badé gadah tékad: „Sepisan iki akoe tak nékat njoba. Tékadhoe tak wetokné, sapa sing werokoh, é, mak-nèke.”

Ki sanak, pendjenengan sampoen tansah ngénak-énak anggèng pendjenengan dados kaoem-nganak. Pendjenengan galih ing tembé wingking, pendjenengan galih poetra-wajah ing tembénipoen. Mitoeroet volkstelling wingi poenika, pinten éwoe kèwawon katalipoen bangsa kita ingkang boten ngasta pendamelan. Poenapa nalika dipoendangoe déning Mas-Teller, pak Kromo boten toeroet sama anak, pak Wongso boten toeroet sama mantoe, lan poen Djolidin boten masih menoempang sama saja poenja mentoea? Poenapa tjajahipoen werkloezen kita boten langkoeng saking 2400? Poenapa tijang-tijang waoe boten badé kados ingkang sampoen-sampoen, sami pating gréndot ambekta klasa-bantal, arak-arakan ambebara dateng ngamantja, hij-nja ke-Lampung, zij-nja ke-Deli? Kénging poenapa ingkang sampoen-sampoen kok kelampahan, poenapa sam-

### P. O. K. O. K

Saking réka dajaning comité „Perkoempoelan Oentoek Keperloean Oemoem di Kendal” ingkang sami dipoensalirani para sadèrèk: Dr. Koesoema Soedjana, Dr. Goembrik, Soekatja, M. Reksahamidjaja, Wirjaswisaja, lan Natasoerata, kala tanggal 11 Maart 1931, djam 8.30, saged ngawontenaken oprichting vergadering manggèn ing soos Habi-Projo.

Ingkang ngrawoehi: tamoe 40, wakil Pamaréntah mantri Politie lan Gewestelijke Rechercheur, wakil, pakempalan: Habi-Projo, M. D. P. P. P. P. Tanpa Nama, P. G. D. lan P. G. H. B. wakil pers: Bahagia, Swara-Tama oegi wonten.

Menggah toedjoenipoen pakempalan waoe: Ngadjengaken pangoe-padjawanipoen (kehidoeapan) sadèrèk Boemi-Poetera. Déné sagedipoen nggajoe maksoed waoe sarana:

a. Damel openbare lezingen lan cursus-cursus ingkang migoenani.

b. Ngrembag sarta mbiantoe kabetahanipoen Boemi-Poetera, ingkang gegandèngan kalijan: raad-raad, lan keperloean sanès-sanèsipoen ingkang boten nerak pranataning Negari.

Déné ingkang kènging dados warganing pakempalan waoe namoeng sadèrèk Boemi-Poetera, ingkang manggèn ing Regentschap, Kendal, ingkang oemoeripoen sakedik-kedikipoen 18 taon. Warga

kawadajibaken mbajar contributie ing dalem 1 taon f 1, — kedah kabajar kropok oetawi katjittijl kaping kalih voldaan.

Tjattjahing warga: wonten 40 mepaki: wonten golongan prijantoen, particulier lan soedagar. Menggah ingkang kadjibah ngembani pakempalan poenika: Voorzitter: Dr. Koesoemasoedjana, secretaris: Soekatja onderwijzer, penningmeester, sad. Soerjatmadja klerk postkantoor, Commissarissen: R. M. Soewarsa fiscaalgrifier, sad. Sahid Opzichter.

Moerih gambalangipoen gandèngipoen kalijan sarana kolom a lan b nginggil poenika, prajoginipoen koela tjoeplikaken pidatanipoen inleider Dr. Koesoemasoedjana mekaten:

Akan mentjapai maksoed itoe—memadjoekan kehideoapan Boemi-Poetera — „kita merasa bahwa semoea kemadjoean didoenia akan tertjapai oleh kehideoapan jang e n d r a c h t, jang sepakat. Didalam hal kapinteran (wetenschap) didalam hal economie atau hal sociaal dan lain-lain matjam kemadjoean, orang-orang haroes berkoempoel bersatoe, agar jang satoe dapat beladjar lagi dari jang lain. Kita merasa, kemadjoean disini kota Kendal akan dapat berdjalan baik dan tjepat, djikalau tempo-tempo ada jang soeka membikin openbare lezing atau cursus dari roepa-roepa perkara.

b. Meremboeng dan membantoe

keperloean Boemi-Poetera, jang berhoebog dengan raad-raad, dan keperloean lain-lain jang tidak melanggar atoeran Negeri.

Meremboeng dan membantoe keperloean Boemi-Poetera jang berhoebog dengan Raad-raad, artinja boekan berharap memboeat kritik pada orang jang doedoek diitoe raad-raad. Kita poenja maksoed begini: Dari sebab kita waktoe ini mendjadi pendoeoek di Regentschap Kendal, kita haroes tahoe hal-hal jang dibitjarakan dan didjalankan oleh kita poenja raad. Kita haroes perartikan semoea hal-hal jang nanti akan didjalankan pada kita sendiri. Betoel djoega, semoea vergadering dari R. P. openbaar, djadi semoea orang boleh nonton, tetapi sekarang djoega soedah boekti, bahwa kita tidak semoea akan mempoenjai waktoe bagi dateng menonton vergadering dari R. R. itoe. Kita merasa akan djadi baiknja, djikalau ada lid-lid dari R. Raad, jang soeka membikin pembittjaraan dari hal-hal jang penting jang berhoebog dengan keperloean ra'iat.

Kita harap, banjak toean-toean jang soeka toendjang maksoed kita, agar ini kota Kendal tidak lagi kesohor sebagai kota jang sepi; kita harap, pendoeoek Kendal akan awas dan sedar pada kehideoannja ditempatnja sendiri. Selainnja membitjarakan perkara-perkara jang

berhoebog dengan raad-raad, masih banjak hal-hal keperloean jang lain-lain, jang didalam artikel 2 sub. b. diseboet „keperloean jang tidak melanggar atoeran Negeri”. keperloean-keperloean mana kita haroes kemoekakan bagi menjokong kemadjoennja ra'iat disini. Kita merasa, waktoe sekarang boekan waktoenja bagi memandjangkan oeraian pembittjaraan dari roepa-roepa tjeta-tjeta, pikiran-pikiran kita, diwaktoe ini jang haroes didjalankan boekan „theorie” sadja tapi jang perloe lebih dari perloe jaitoe mendjalankan „praktijknja.”

Sasampoen rantjangan: statuten lan huishoudelijk reglement, dipoenabsahaken, sarta pitakènan lan voerstel karembag saperloenipoen, parepatan ladjeng katoetoe kanti wilodjeng wantji djam 11.45 daloe. Moegi-moegi P. O. K. O. K. sageda ngedalaken woh, lan saged madeg dangoe.

### KABAR KLATÈN.

Lajonipoen G. Soekirto.

Nalika tanggal 14 Maart '31 watawis djam 5.30 sonten lajonipoen sadèrèk Gregorius Soekirto Matroes Marine Soerabaja, ingkang sampoen dipoenpeti klajan saé, dipoenbetta saking Soerabaja dateng Klatèn. Datengipoen pantjen ragi telat, djer montoripoen wonten margi réwèl, saking Soerabaja ingkang ngeraken doemoegi Klatèn, kadjawi mantroes? saha kanta-kantjanipoen, oegi Rama Pastoer (vloot-Aalmoezener) kalijan officier Marine setoenggal ingkang dados wakilipoen panga-

geng Marine. Krans-krans oegi katingal katah bektan saking Soerabaja, soembangan saking Inl. Marine Tooneel, (pijambakipoen dados vliostipoen pakempalan poenika).

Mila boten anggoemoenaken bilih ing ngadjeng grédja Klatèn wekdal poenika katingal ramé katah tijang, sadèrèk R. K. koekoeban Klatèn mèh sadaja katingal, ahli-waris, saha tepangan ingkang sami toemoet nglajet oegi katah. Samedalipoen lajon saking grédja, wonten ngadjeng grédja dipoenpotrèt, ngadjeng pijambak djoeroe ladso, ladjeng Rama Pastoer (vloot Aalmoezener) mengageng dines sarwi tjemeng, ingkang koela dèrèng naté soemerep agem-ageman kados makaten, noent-pening lajon ingkang sampoen dipoenpoendi déning para matroes saha tetepanganipoen Soerabaja, ladjeng tijang sepoehipoen, kalijan sadèrèkpoen èstri, noent officier Marine oegi mangagem dines, ngagem topi kados topinipoen Napoleon, ladjeng krans-krans ingkang dipoenbetta para matroes, teroes tijang-tijang ingkang sami badé ngoentapaken doemoegi koebor, goemroedoeg soewantenipoen wonten margi: sabakdanipoen lajon kakeboer, pandjenenganipoen Rama Vloot Aalmoezener medar sabda mawi basa Mladijeng, ingkang maksoedipoen, paring soemerep bilih:

Adjalipoen G. Soekirto poenika nalika tanggal 12 Maart '31, adjalipoen margi anggènipoen nglampahi wadji. inggih poenika nalika pijambakipoen nglampahaken baita „Krokodil”, mesinipoen ndjeblos, badanipoen kobong kènging stoom; nanging soekmanipoen boten toemoet kobong, djalaran kala badé ngadjengaken adjalipoen, pijambakipoen taksih saged ngaken dosa, nampani Sakramèn Lisah Soetji.

Koela alem sanget tandangipoen para mantroes, tjoeakat-tjoeakat, boten adrih sajah, prigèl-prigèl, makaten oegi kanta-kantjanipoen saking Soerabaja, boten adrih reged pantalonipoen, sadaja njandak patjoel, rebat roemijin, anèlakaken roekoenipoen; sadèrèk Klatèn ngantos boten oem pandamelan.

— R. I. P. —



